

 <p>BOSTON PUBLIC HEALTH COMMISSION</p>	<p>FÈY ENFÒMASYON SANTE PIBLIK Komisyon Sante Piblik Boston Divizyon Kontwòl Maladi Atrapan 1010 Massachusetts Avenue Boston, MA 02118 Telefòn: 617-534-5611 Faks: 617-534-5905</p>	<p>Maladi Dlo Kontamine yo (Recreational Water Illness, or RWI)</p>
---	--	--

Ki sa ki kòz Maladi nan Dlo Kontamine yo (Recreational Water Illnesses, “RWIs”)?

Maladi nan Dlo Kontamine (RWIs) yo koze pa mikwòb ki pwopaje lè moun bwè dlo, respire vapè (jè) dlo, oswa lè yo vin an kontak avèk dlo ki kontamine swa nan pisin, dlo nan jaden piblik, fontèn, beywa pou ben cho, lak, larivyè, plaj(lanmè), e tout lòt kalite dlo moun sèvi pou eskisyon.

Ki Sentòm “Maladi Dlo Kontamine” (RWI) yo?

Pami sentòm ki pi kouran ki asosye avèk “Dlo ki kontamine yo”, nou jwen: dyare ki koze pa yon jèm yo rele “Kryptòsporidyòm” (“Krypto”), Giardia, Shigella, norovirus e Escherichia Koli (0157:H7). Vale menm yon ti kras dlo ki kontamine avèk jèm sa yo ka fè-w malad. An plis de sa, lak, larivyè, e lanmè kapab kontamine ak mikwòb dlo twou egou, dechè (poupou) bét, e dlo lavalas. Gen kèk jèm ki ka reziste nan dlo lanmè pou lontan.

Lòt sentòm nou jwenn fasil e ki koresponn ak Dlo ki Kontamine (RWIs): Pwooblèm sou po, nan zòrèy, nan vwa respiratwa, nan je, plè, ou nan sistèm newolojic (nè). Men, jèm ki fè pati zòn (tankou nan dlo e tè) kote nap viv lan ka koze sentòm sa yo tou. Nan pisin ou beywa pou ben cho ki pa byen dezenfekte, jèm yo kapab miltipliye e bay maladi lè moun vin an kontak ak dlo ki sal yo, respire vapè, ou byen zès yo.

Ki kote nou jwenn Dlo ki Kontamine yo (RWIs)?

Nou ka jwen Dlo ki Kontamine yo nan pisin, Jaden piblik, fontèn, beywa pou ben cho, nan lak, larivyè, nan plaj, e tout lòt kalite dlo kote moun pran detant.

Beywa Pou Ben cho

Tamperati dlo nan majorite beywa tèlman wo, sa anpeche dezenfektan rete nan yon nivo ki ka touye jèm. Enfeksyon sou po se yonn ki trè kouran nan Dlo ki Kontamine) e ki pwopaje nan beywa dlo cho and pisin. Nou ka jwen maladi vwa respiratwa ki asosye ak move isaj beywa dlo cho

Fontèn Piblik

Se pa tout fontèn piblik ki trete ak klorin ou ki filtre. Pou tèt sa, lè pa ekzenp ti moun ki nan kouchèt jwe nan dlo an, yo ka kontamine-l ak matyè fekal (watè). Lè yon moun bwè (vale) dlo kontamine sa a, li ka ba yo maladi dyare.

Plaj, Lak, e Larivyè

Plaj, lak e Larivyè kapab kontamine ak jèm ki sot nan twou egou, dechè (poupou) bét, e dlo lavalas. Li enpòtan pou moun pa bwè dlo sa yo paske natirèlman se pa dlo ki dezenfekte.

Eske Maladi Dlo Kontamine ka vin grav?

Majorite moun ka vin refè de Maladi Dlo Kontamine; men, timoun, fanm assent, e lòt moun ke sistèm iminitè (defans) yo fèb (tankou sa yo ki gen SIDA, yo menm ki fè transplant, ou kap fè tretman kimoterapi kapab devlope konplikasyon si yo enfekte. Moun ke sistèm iminitè yo fèb ta dwe kontakte Doktè yo avan yo patisipe nan aktivite ki ogmante risk pou yo vin malad.

Ki sa mwen ka fè pou anpeche-m devlope Maladi ak Dlo ki Kontamine (RWI)?

Pou ou ki renmen naje, si-w suiv konsèy sa yo nou pral ba-w la, yo va pwoteje-w ak fanmi-w, avèk sila yo kont maladi nan dlo sal (dlo malsen).:

Twa (3) pwen (konsèy) pou tout moun ki renmen naje

- Pa naje lèw genyen dyare. Ou ka pwopaje jèm nan dlo an ki ka fè lòt moun malad
- Pa vale dlo a. Pa kite dlo a antre nan bouch ou. Fè tout pitit ou konnen pou yo pa ni bwè ni goute dlo a.
- Itilize bon konsèy sou ijyèn. Benyen, savonnen kò-w avan-w al naje. Lave men-w aprè-w itilize twalèt ou chanje kouchèt. Jèm ki sou kò-w ka rive kontamine dlo a

Twa (3) pwen (konsèy) pou paran ki gen timoun piti:

- Mennen timoun nan twalèt ou verifye kouchèt li regilyèman. Si-w tann jiskas ke timoun di li bezwen al nan twalèt, li ka tro ta.
- Chanje koushèt nan yon twalèt oswa nan yon kote ki apwoprye; pa chanje-l bò pisin ou kote moun benyen. Jèm ka pwopaje nan pisin fasilman.
- Lave timoun ou byen lave ak dlo e savon avan yo al naje (ale nan pisin). Avan-w bat je-w, matyè fekal (watè) ka tonbe nan pisin nan.

Ou ka pwoteje tèt ou ak fanmi-w si-w pale ak moun ki anchaj pisin ou frekante-l. Mande moun sa a (operatè an) si responsab pisin lan te pran antrènman espesyal ki bay e ki dènye pwen (nòt) enspektè yo te bay. Asire ke yo verifye nivo klorin e PH dlo a o mwen 2 fwa pa jou, e pi souvan si se yon pisin yo itilize anpil.

**Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte
Komisyón Sante Piblik Boston
Depatman pou Kontwole Maladi Kontajes
(Boston Public Health Commission)
(617) 534-5611 oswa www.bphc.org**